

Kisa Monoksid Kabòn ye?

Monoksid kabòn (CO) se yon gaz san odè, san koulè ki ka touye w.

Ki kote n jwenn CO?

CO prezan nan lafimen ki genyen lè nou boule gaz nan machin oswa kamyon, ti motè, fou, kòlmann, griy, chemine, fou agaz, oswa founo. CO ka akimile anndan kay epi pwazonnen moun ak bèt ki respire l.

Ki sentòm ki akonpaye anpwazonman CO?

Sentòm ki pi kouran pou anpwazonman CO se maltèt, lawouli (vètij), feblès, kèplen, vomi, doule nan pwatrin, ak konfizyon. Sentòm CO yo souvan dekri tankou "grip." Si ou respire anpil CO, li ka fè ou pèdi konesans oswa touye w. Moun k ap dòmi oswa anba alkòl ka mouri anba pwazon CO avan yo gen sentòm yo.

Kiyès ki riske viktim pwazon CO?

Tout moun gen risk pwazon CO. Timoun piti, granmoun yo, moun ki gen maladi kadyak kwonik, anemi, oswa pwoblèm respirasyon pi fasil tonbe malad poutèt CO. Chak ane, plis pase 400 Ameriken mouri mò aksidantèl poutèt pwazon CO, san sa pa t gen rapò ak dife; plis pase 20,000 Ameriken al nan sal dijans, e plis pase 4,000 ospitalize.

Kijan mwen ka prevni pwazon CO nan kay mwen?




Detektè Monoksid Kabòn



Asire sèvis fèt nan sistèm chofaj ou chak ane

- Enstale lakay ou yon detektè CO ki mache ak batri oswa ki gen yon batri rezèv, epi verifye oswa ranplase batri a lè w ap chanje lè nan revèy la chak prentan e chak otòn.
- Fè yon teknisyen kalifye fè sèvis nan sistèm chofaj ou, chofaj dlo, ak tout lòt ekipman ki mache ak gaz, lwil, oswa chabon chak ane.
- Pa itilize aparèy chofaj pou anndan kay si yo sèvi avèk pwodui chimik ki pa fè lafimen.
- Si ou pran odè gaz ki soti nan frijidè w mande yon ekspè fè sèvis ladan. Yon odè ki soti nan yon frijidè ka vledi li gen CO k ap flite.
- Lè ou achte yon ekipman ki mache ak gaz, achte sèlman ekipman ki gen so yon ajans nasyonal ki teste pwodui, tankou paregzanp Underwriters' Laboratories.

- Asire w ke ekipman agaz ou yo gen bonjan sistèm vantilasyon. Tiyo vantilasyon orizontal pou ekipman, tankou chofaj dlo, ta dwe plizoumwèn monte anlè, pou y al deyò kay la, tankou yo montre sa annapre. Sa enpeche CO flite si koneksyon yo oswa tiyo yo pa byen adapte.




- Fè teknisyen verifye chemine w chak ane. Chemine yo ka bloke ak debri. Sa ka lakòz CO akimile anndan kay oswa kabin ou.
- Pa janm pyese yon tiyo vantilasyon avèk tep, gòm oswa yon lòt bagay. Kalte pyesay sa a ka fè CO akimile nan kay ou, kabin, oswa trelè.

Kijan m ka rete an sekirite lè m pa gen kouran?

- Pa janm itilize fou a gaz oswa fou elektrik pou chofe kay. Itilizasyon fou agaz oswa fou elektrik kòm chofaj ka lakòz CO akimile anndan kay, kabin oswa trelè.
- Pa janm boule chabon anndan kay ou. Chabon k ap boule—wouj, gri, nwa, oswa blan—pwodui CO.
- Pa janm itilize fou agaz pòtab pou kan anndan kay ou. Itilizasyon fou agaz pou kan anndan kay ka lakòz CO akimile anndan kay ou, kabin, oswa trelè.
- Pa janm itilize yon jeneratris anndan kay ou, sousòl, oswa garaj oswa a mwens ke 20 pye pa rapò ak nenpòt fenèt, pòt, oswa sistèm vantilasyon.



PA JANM itilize dèlko anndan kay, nan garaj, oswa pakin pou machin.



SÈLMAN itilize yo deyò epi lwen fenèt, pòt, sistèm vantilasyon ki louvri.

Kijan m ka evite anpwazònman CO ki soti nan machin oswa kamyon m?

- Fè yon mekanisyen verifye sistèm echapman nan machin oswa kamyon ou chak ane. Yon ti flit nan sistèm eliminasyon gaz ka fè CO akimile anndan machin ou.
- Pa janm kite machin ou ap mache anndan garaj ki konekte ak kay ou menmsi pòt garaj la louvri. Toujou louvri pòt yon garaj detache pou kite van fre antre lè machin ou oswa kamyon ou ap mache anndan l.
- Si machin oswa SUV ou gen yon pòt dèyè, lè ou louvri pòt dèyè a louvri sistèm vantilasyon oswa fenèt yo pou asire w lè byen sikile. Si se pòt dèyè a sèlman ki louvri, CO ki soti nan sistèm eliminasyon gaz la pral retounen anndan machin lan.

